Қарақалпақстан Республикасы
Мәлимлеме китапхана орайы

“Исбилерменликти раўажландырыў, инновациялық идеяларды жаратыў ҳәм жаңа заманагөй технологияларды қоллап-қуўатлаў»

(2018- жыл Белсенди исбилерменлик, инновациялық идеяларды ҳәм технологияларды қоллап-қуўатлаў жылына)
Методикалық қолланба

Нөкис -2018 жыл

К И Р И С И Ў

Өзбекистан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев 2017 жыл 22-декабрь күни елимиз тарийхында биринши мәрте Олий Мажлиске Мүрәжат хатын усынды. Мүрәжатта 2017- жылы әмелге асырылған тийкарғы жумыслардың жуўмағы ҳәм Өзбекистан Республикасының 2018-жылда социаллық – экономикалық раўажладырыўдың тийкарғы бағдарлары өз сәўлелениўин тапты. Бул мүрәжат мәмлекетимиз басшысының жуўмақланып атырған жыл бойынша халқымыз алдындағы өзине тән есабы да болды. Сондай-ақ, Мүрәжатта елимизди келешекте ҳәр тәреплеме раўажландырыўға қаратылған тийкарғы ўазыйпалар белгилеп берилди. Бир қанша нызамшылық басламалары алға қойылды. Мәмлекетимиз басшысының усынысы менен жаңа 2018 жылға елимизде “Белсенди исбилерменлик, инновациялық идеяларды ҳәм технологияларды қоллап-қуўатлаў жылы” деп атама берилди.

Усы мүнәсибет пенен илимий методикалық бөлимде «**Исбилерменликти раўажландырыў, инновациялық идеяларды жаратыў ҳәм жаңа заманагөй технологияларды қоллап-қуўатлаў»** атамасында методикалық қолланба ислеп шығылды.

Қолланбаның биринши бөлими **«Заманагөй мәмлекетшилигимиз тарийхында үлкен өзгерис жасаған ўақыя»** деп аталып, оның әҳмийети ҳаққында сөз етиледи.

Екинши бөлиминде “Белсенди исбилерменлик, инновациялық идеяларды ҳәм технологияларды қоллап-қуўатлаў жылы”на бағышланған сәўбетлесиў кешелери, китап көргизбелериниң методикалық жол –жобалары ҳәм пайдаланылған әдебиятлардың дизими берилген.

«Заманагөй мәмлекетшилигимиз тарийхында үлкен өзгерис жасаған ўақыя»

Өзбекистан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев 2017 жыл 22-декабрь күни елимиз тарийхында биринши мәрте Олий Мажлиске Мүрәжатында 2017 –жылда әмелге асырылған тийкарғы жумыслардың жуўмағы ҳәм Өзбекистан Республикасының 2018 жылда социаллық –экономикалық раўажландырыўдың тийкарғы бағдарлары өз сәўлелениўин тапты.

Мүрәжаттың концепциясы 2017-2021-жылларда Өзбекистан Республикасын раўажландырыўдың бес тийкарғы бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясына муўапық дүзилген. Мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик қурылыс системасын жетилистириў, нызам үстинлигин тәмийинлеў ҳәм суд-ҳуқық системасын буннан былай да реформалаў, экономиканы раўажландырыў ҳәм либерластырыў, социаллық тараўды раўажландырыў, қәўипсизликти, миллетлер-аралық татыўлықты ҳәм диний кеңпейилликти тәмийинлеў және сыртқы сиясат тараўындағы тийкарғы бағдарлар сыяқлы бес бөлимде усы тараўларда әмелге асырылған жумыслар ҳәр тәреплеме баян етилген.

Бәринде бурын, жыл даўамында елимизди буннан былай да раўажландырыў бойынша Ҳәрекетлер стратегиясында нәзерде тутылған мақсет ҳәм ўазыйпаларды орынлаў ушын мәмлекетимиздиң ҳәм жәмийетимиздиң бар күши және имканиятлары жумсалғанын атап өтиў зәрүр.

Бул бағдарда “Халық пенен пикирлесиў ҳәм инсан мәплери жылы” Мәмлекетлик бағдарламасында белгиленген илажларды әмелге асырыўда әҳмийетли қәдем болды, десек ҳақыйқат болады. Елимизде алып барылып атырған кең көлемли реформалар халқымыз тәрепинен қоллап-қуўатланбақта. Бул өзгерислердиң дәслепки нәтийжелери халқымыздың өмиринде ҳәм күнделикли турмысында өзиниң айқын көринисин таппақта, ел-журтымыздың жәмийетлик белсендилиги, ертеңги күнге исеними артып бармақта.

Биз елимиз турмысына байланыслы ҳәр бир қарарды халқымыз бенен мәсләҳәтлесип, тиккелей пикирлесиў тийкарында қабыл етпектемиз. “Халық мәмлекетлик уйымларға емес, ал мәмлекетлик уйымлар халқымызға хызмет етиўи керек” деген идея бул бағдардағы жумысымыздың өлшемине айланбақта.

Усы мәнисте 2017 жыл халық пенен пикирлесиў, оның дәртин, тәшўишлерин, турмыслық машқалаларын нәтийжели шешиў бойынша жаңа система жаратылған жыл болды, деп айтыўға толық ҳақылымыз. Бул системаның тийкары болған Өзбекистан Республикасы Президентиниң Халық қабыллаўханалары ҳәм Виртуал қабыллаўханасы пуқаралардың мүрәжатлары менен ислесиўдиң өзине тән демократиялық әмелде өзин ақламақта.

Жыл даўамында пуқараларымыздан Президенттиң Халық қабыллаўханаларына ҳәм Виртуал қабыллаўханасына, мәмлекетлик ведомстволарға келген көплеген мүрәжатлар менен хатларда, орынларда болып өткен ушырасыўларда билдирилген пикир-усынысларын есапқа алып, жәмийетшилик пикири үйренилди. Билдирилген пикир –усыныслардың барлығы инабатқа алынып, усы жаңа 2018-жылды елимизде ***“Белсенди исбилерменлик, инновациялық идеяларды ҳәм технологияларды қоллап-қуўатлаў жылы”*** деп аталыўын усыныс етти.

Белсенди исбилермен дегенде, биз бәсекиге шыдамлы өним ислеп шығара алатуғын, ең тийкарғысы, жаңа жумыс орынларын жаратып, тек ғана өзин ҳәм шаңарағын бағып қоймастан, ал пүткил жәмийетке пайда келтиретуғын исбилермен инсанларды түсинемиз. Бундай исбилерменлердиң қатарын кеңейтиў, соның ишинде, жоқары технологиялар, илимниң ең соңғы жетискенликлерине тийкарланған техника ҳәм әсбап –үскенелерди елимизге алып келиў ҳәм енгизиў ушын оларға мүнәсип шараятлар жаратыў бизиң ўазыйпамыз болыўы шәрт.

Биз мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик турмыстың барлық тараўларын түп-тийкарынан жаңалаўға қаратылған инновациялық раўажланыў жолына өтпектемиз. Бул бийкарға емес, әлбетте. Себеби , заман тез пәт пенен раўажланып баратырған ҳәзирги дәўирде, жаңа пикир, жаңа идеяға, инновацияға сүйенген мәмлекет утады.

Инновация – бул келешек дегени. Биз уллы келешегимизди қурыўды бүгиннен баслайтуғын болсақ, оны сол инновациялық идеялар, инновациялық көз-қарас тийкарында баслаўымыз керек. Соның ушын Инновациялық раўажланыў министрлиги шөлкемлестирилди ҳәм оның алдына анық ўазыйпалар қойылды. 2018- жылда илимий изертлеў ҳәм инновациялық жумысты раўажландырыў, буның ушын зәрүр қаржылай ресурсларды бағдарлаў, бул процессте қәбилетли жаслардың қатнасыўын, дөретиўшилик идеялар менен қолланбаларды ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў ўазыйпасы итибарымыз орайында болады.

“Белсенди исбилерменлик, инновациялық идеяларды ҳәм технологияларды қоллап-қуўатлаў жылы” на бағышланған сәўбетлесиў кешесиниң ҳәм кешеге бағышланған китап көргизбесиниң методикалық жол-жобасы

“Белсенди исбилерменлик, инновациялық идеяларды ҳәм технологияларды қоллап-қуўатлаў жылы” на бағышланып, мәлимлеме китапхана мәкемелеринде өткерилетуғын сәўбетлесиў кешесин шөлкемлестириўди усыныс етемиз.

Кешени өткериўдеги мақсетимиз, Биз жаңа 2018-жылға мине, усындай жақсы нийетлер менен қәдем таслап атырған екенбиз, Өзбекистан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев 2017 жыл 22-декабрь күни елимиз тарийхында биринши мәрте Олий Мажлиске Мүрәжатинде айтылған елимизде қабыл етилген Ҳәрекетлер стратегиясы, режелер менен бағдарламалар елимиздиң раўажланыўын, халқымыздың абаданлығын жаңа еледе жоқары басқышқа көтериўге хызмет ететуғынына исенемиз.

Кешени өткериў ушын китапханашылар жақсы таярлық көрип, китап көргизбелерин шөлкемлестириў керек. Кешеге халық пенен ислесетуғын мәкан пуқаралар жыйыны, ҳуқық қорғаў уйымлары қәнигелери, руўхый ағартыўшылық орайы, журналистлер, муғаллимлер, жоқары оқыў орынларының студентлери, китапханашылар мирәт етиледи.

Кешеге бағышланып китап көргизбе шөлкемлестириледи. Көргизбеге 2018 жыл **“Белсенди исбилерменлик, инновациялық идеяларды ҳәм технологияларды қоллап-қуўатлаў жылы”** на бағышланған әдебиятлар, газета – журналларда басылып шыққан мақалалар, жаңадан қабыл етилген пәрманлар нызамлар ҳәм қарарлар қойылса болады.

Пайдаланған әдебиятлар

1. Өзбекистан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёвтиң Олий Мажлиске Мүражаты. // Еркин Қарақалпақстан.-2017.- 23 дек. №154-155
2. Аннақлышева Г. Мүрәжатнама- халқымызды бахыт-ығбалдың айдын жолына басламақта. //Еркин Қарақалпақтан.-2017.- 28 дек. №156

Қолланбаны жазған В. Танирбергенова

Редакторлаған З. Сапарова